


Prezidan  
Thomas S. Monson



# Kanpe kòm yon limyè

**M**wen te gen privilèj pou m te asiste anpil selebrasyon kiltirèl ki toujou fèt lè tanp yo pral konsakre. Mwen te renmen yo tout, enkli sa ki pi resan m te asiste nan Phoenix la, nan Arizona nan Etazini, nan mwa Novanm ki sot pase a.

Jèn Sen yo nan legliz la ki patisipe nan selebrasyon kiltirèl yo prepare bèl pwogram ki memorab. Ane pase nan Phoenix la, jis anvan selebrasyon an, mwen te di patisipan yo: “Nou se pitit limyè.”

Mwen ta renmen tout jèn yo nan Legliz la konnen ke yo se pitit limyè. Epi, antanke sa, yo gen responsablite pou yo rete “tankou limyè nan mond lan” (Filip 2:15). Yo gen devwa pou yo pataje verite levanjil yo. Yo gen yon apèl pou kanpe kòm yon limyè tanp, ki reflekte limyè levanjil la devan yon mond ki plis anplis ap tonbe nan fènwa. Yo gen yon tach pou yo kenbe limyè yo klere pou l briye byen klè.

Pou nou ka vin “yon egzanp pou kwayan yo” (1 Timote 4:12), nou menm nou dwe kwè toudabò. Nou dwe gen lafwa ki nesèsè pou nou ka siviv espiritiyèlman an epi pwojte yon limyè sou lòt moun. Nou dwe nourri temwayaj nou jiskask li vin tounen yon ankraj nan lavi nou.

Pami fason ki pi efikas pou nou akeri ak kenbe lafwa nou bezwen jodia, nou gen li ak etidye ekriti yo epi priye tout tan san rete. Nou menm jèn yo nan legliz la, m ap di nou, si nou potko fè sa, kòmanse devlope yon abitud etid ekriti ak lapriyè kounyeya menm. San de abitud enpòtan

sa yo, enfliyans deyò yo ak reyalyte pafwa difisil lavi yo kapab bese limyè nou oubyen menm etenn ni.

Ane adolesans yo pa fasil. Yo se ane kote Satan ap ba nou tantasyon e fè tout sa l kapab pou rale nou soti ale lwen chemen ki ka mennen nou retounen al nan fwaye selès nou an. Men, si nou li epi nou priye epi nou sèvi epi nou obeyi, n ap vin pi byen konnen “limyè ki klere nan fènwa a” (D&A 6:21), Egzanp nou ak fòs nou an—Senyè a, Jezikri. Li se Limyè pou nou leve anlè pou dispèse fènwa k ap rasanble a (gade 3 Nefi 18:24).

Avèk yon temwayaj sou Sovè a ak sou levanjil retabli a, nou gen opòtinite san konte pou n briye. Yo antoure nou chak jou, nan kèlkeswa sitiasyon nou twouve nou. Si nou suiv egzanp Sovè a, n ap gen opòtinite pou nou tounen yon limyè nan lavi moun bò kote nou—keseswa yo se manm fanmi nou, oubyen kanmarad lekòl, zanmi nan travay, senp relasyon, oubyen total etranje.

Lè nou se yon limyè nan mond lan, moun bò kote nou ap santi yon espri espesyal ki ap fè yo anvi vin zanmi nou ak suiv egzanp nou.

Mwen priye paran yo ak dirijan jèn yo pou ede yo kanpe fèm pou laverite ak lajistis. Ede yo elaji vizyon yo sou aprann, sou konprann, ak sou sèvi nan wayòm Bondye a. Ankre nan yo yon fòs pou reziste devan tantasyon mond lan. Ba yo volonte pou yo mache nan lavèti ak lafwa, pou yo toujou priye, epi pou yo toujou konsidere syèl la kòm ankraj konstan yo.

Nou menm jèn yo, m ap di nou, Pè Selès la renmen nou. Se pou nou toujou santi amou dirijan legliz yo genyen pou nou. Se pou nou toujou gen dezi pou nou sèvi Pè Selès la ak Pitit Gason I lan. Epi, se pou nou toujou mache nan laverite epi kanpe kòm yon limyè pami pitit Bondye yo.

---

## ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Panse pou ou pale avèk moun w ap anseye yo sou kisa sa vledi pou yo se “yon [pitit] limyè.” Ki responsablite sa mete sou yo? Ou gen dwa pale sou moman kote limyè yo te patikilyèman briye ak sou kisa ki te fè l briye a. Sonje mande yo pou yo panse sou yon moun byen espesifik, tankou yon jèn, yon kòlèg travay, oswa yon manm fanmi yo, ki ka petèt bezwen limyè. Epi nou ka priye ansanm pou jwenn yon fason pou pataje limyè yo avèk moun sa a.

## JÈN YO

### Poto limyè

**P**rezidan Monson anseye ke jèn yo nan Legliz la “gen apèl pou yo kanpe kòm yon limyè tanp, k ap reflekte limyè levanjil la devan yon mond k ap plonje plis an plis nan fènwa.” Li bay kèk fason nou kapab fè sa:

Pataje levanjil la  
Kwè

Grandi lafwa nou  
Rete yon limyè pou lòt moun  
Nouri temwayaj nou jiskaske li vin tounen yon  
ankraj nan lavi nou  
Priye ak etidye ekriti yo.  
Li ekriti yo epi etidye yo  
Sèvi  
Obeyi

Panse pou w evalye tèt ou soti nan 1 rive nan 5, pou chak nan domèn sa yo. Pou sa ou gen pwèn ki pi piti yo, ou gen dwa etidye sijè sa yo nan ekriti yo oubyen al ladan yo nan LDS.org. Apre ou fin etidye sijè sa yo, ou gen dwa panse sou fason ou ka fòtifeye ou nan domèn sa yo epi fikse bi pou w ka fè sa.

## TIMOUN YO

### Se pou limyè nou briye

**A**ntanke yon pitit Bondye, ou se yon pitit limyè. Ou ka jwenn plis limyè si w suiv Sovè nou an, Jezikri. Jezikri ak Pè Selès la renmen ou epi yo vle pou w briye pou lòt moun epi mennen yo jwenn Kris la. Ou ka briye senpleman nan rete ou menm lè w ap suiv kòmandman yo, tankou priye ak li ekriti yo. Desine kèk zetwal sou yon moso papyè epi sou yo, ekri kèk ide sou fason ou kapab briye pou lòt moun kòm yon egzanp sou Jezikri (paregzanp, “al legliz,” oubyen “ede fanmi mwen”).



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Karakteristik divin Jezikri: Dou ak Enb

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwayè a? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

*Sa a se yon pati nan yon seri Mesaj Vizit nan fwayè ki dekri kalite Sovè a genyen.*

Jezi te di: “Sa k pi gran nèg nan mitan nou an, se pou l tankou pi piti a; sa k ap kòmande a, se pou l tankou sa k ap sèvi a. Paske, kilès ki pi gran nèg: moun ki chita bò tab la, osinon moun k ap sèvi l la? Moun ki chita bò kote tab la, pa vre? Men, mwen menm, mwen nan mitan nou tanke moun k ap sèvi a” (Lik 22:27).

Sovè a se egzanp siprèm nou sou pouvwa imilite ak soumisyon. Apre tou, lefèt ke li te soumèt volontè li anba volontè Papa a te pèmèt li reyalize evenman ki pi gran e menm pi puisan nan tout listwa a. Petèt kèk nan pawòl ki pi sakre nan tout ekriti yo se senpleman sa yo: ‘Se pa volontè m ki pou fèt, se volontè pa ou’ (Lik 22:42).<sup>1</sup>

Antanke disip Jezikri, nou toujou ap chèche pou nou vin tankou li Èldè Ulisses Soares, nan Swasanndis yo, te di: “Dousè se bagay ki esansyèl pou nou ka vin pi sanble ak Kris la. San li menm, nou pa ka kiltive lòt vèti enpòtan yo. Lè yon moun dou,

sa pa vledi ke li fèb men, sa vledi li kondi tèt li avèk bonte ak jantiyès, li montre li gen fòs, serenite, yon santiman valè tèt li ak metriz tèt li.”<sup>2</sup> Si nou travay pou devlope kalite sa a, n ap vin wè ke “Lè nou enbleman soumèt volontè nou anba volontè Papa a, sa ba nou pouvwa Bondye a—pouvwa imilite. Se pouvwa pou nou afwonte epèrè lavi yo, pouvwa lapè, pouvwa lesperans, pouvwa yon kè ki vibre anba amou pou Sovè a, Jezikri, ak yon temwayaj konsènan li, ki se pouvwa redanmsyon an.”<sup>3</sup>

## **Ekriti adisyonèl**

Matye 26:39; Jan 5:30; Mozya 3:19; Elaman 3:35

## **Nan Ekriti yo**

Youn nan moman ki te pi dou ak pi puisan nan ministè Kris la sete lè li te lave pye disip li yo. “Li te leve sot devan tab la, li wete rad li, li pran yon sèvyèt, li mare nan ren li. Apresa, li vide dlo nan yon kivèt, epi li kòmanse lave pye disip li yo, epi li siye yo ak sèvyèt li te mare nan ren l lan” (Jan 13:4–5).

Lè Sovè a te entwodui òdonans sa a, disip yo te petèt santi yo te emosyone dèske Senyè yo ak Mèt yo a te mete ajenou devan yo pou l te akonpli yon sèvis si dou konsa. Lè sa a, Jezi te eksplike lesan li te vle pou yo menm ansanm avèk nou tout aprann nan:

“Si mwen menm, ki Senyè nou ak Mèt nou, mwen lave pye nou; konsa tou, nou menm, se pou nou youn lave pye lòt.

“Paske, mwen ba nou yon egzanp, pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an” (Jan 13:15).

## **NÒT**

1. Richard C. Edgley, “Le pouvoir lié à l’humilité,” *Liahona*, Nov. 2003, 99.
2. Ulisses Soares, “Etre doux et humble de coeur,” *Liahona*, Nov. 2013, 9.
3. Richard C. Edgley, “Le pouvoir lié à l’humilité,” 99.

## **Konsidere bagay sa a**

Nan ki fason imilite ka ede nou renmen jan Sovè a te renmen an?